

Gagalnya Sastra Indonesia di Panggung Dunia

SHI NAI-AN, dalam pengantar untuk novelnya ‘Batas Air’ di masa Dinasti Ming, menulis bahwa dunia ini bergerak seperti kilat, sementara persoalan hidup seperti tak ada selesainya dengan hasrat manusia yang tak mungkin terselesaikan. Maka, ia lebih memilih menulis untuk kesenangan saja. Toh, tulisnya, setelah mati, kita tak tahu apakah karya kita dibaca orang atau tidak. Bermanfaat atau tidak. Goenawan Mohamad (GM) dalam catatannya yang berjudul ‘Sastra Indonesia dan Dunia’ setidaknya menyimpulkan hampir sama dengan kesadaran Shi Nai-An. Namun dengan konteks berbeda. GM menulis:”Saya lebih baik menulis. Seringkali tak jelas untuk siapa, tapi dengan senang hati.”

Kesadaran menulis GM itu dipicu rasa pesimis karena keberadaan sastra Indonesia yang belum bisa diterima dalam masyarakat dunia. Fakta itu memang ada, meskipun pelbagai upaya sudah dilakukan, seperti keikutsertaan Indonesia sebagai tamu terhormat di Frankurt Book dan London Book Fair tahun 2015. GM menyebut pelbagai faktor penyebab, seperti kurangnya penerjemah karena honor yang rendah, sejarah Indonesia yang tak masuk perhatian dunia, hingga kecilnya masyarakat diaspora Indonesia sebagai salah satu agen penyebaran sastra Indonesia. Maka dengan pelbagai faktor itu kesempatan sastra Indonesia kecil dibaca masyarakat dunia. Tetapi GM lupa beberapa faktor lain.

Faktor Lain

Faktor lain, saya kira juga berkaitan dengan keterlambatan sastra Indonesia melakukan penjaran dalam konteks filosofis hingga menghasilkan sastra yang menarik bagi dunia. Faktor lain itu sebut saja, kegagapan dalam memahami sejarah dan motif modernisme. Motif sastra modern, seperti kata Prof Gerald Graft adalah kritik terhadap tatanan sosial bor-

juis abad ke-19 dan pandangan dunianya. Sastra atau seni modern mendasarkan pada perlawanan terhadap kemajuan teknologi dan industri yang berakibat pada dehumanisasi. Jantung utamanya adalah pemikiran Sigmund Freud tentang kesadaran ‘dunia dalam’ manusia dan Albert Einstein tentang relativitas. Dua sumber itu kemudian menghasilkan pelbagai bentuk estetika dan motifnya sebagai tujuan filosofis sastra modern.

Puncak dari bentuk estetika sastra modern adalah antara tahun 1900-an hingga 1940-an, di mana bentuk sastra modern direpresentasikan melalui karya-karya seperti ‘Metamorphosis’ Franz Kafka (1915), ‘Ulysses’ karya James Joyce, karya-karya Jorge Luis Borges yang dikenal sebagai prosa naratif, ‘The Sound and the Fury’ karya William Faulkner hingga realisme magis Amerika Latin, seperti ‘One Hundred of Solided’ karya Grabiell Gracia Marquez. Kemudian pada tahun 1970-an secara formal lahir era sastra posmodernis yang ditandai dengan karya-karya Italo Calvino, Donald Barthelme, Robert Coover, Stanley Elkin, Thomas Pynchon, dan Kurt Vonnegut.

Di masa itu, sastra Indonesia bahkan tengah mencoba menghasilkan karya-karya modern berciri eksperimental. Sutardji Calzoum Bachri, misalnya, mencoba membangun kredo ‘membaskan kata dari makna’ yang mirip dengan kredo Hugo Ball, tokoh dadaisme di tahun 1916. Seno Gumira Ajidarma menulis cerpen yang dianggap fenomenal di tahun 1991 berjudul ‘Sepotong Senja untuk Pacarku’ yang gagasan dan bentuk estetikanya mirip cerpen berjudul ‘The Distance of the Moon’ karya Italo Calvino (Comiscom, 1965). Karya-karya tersebut dianggap sebagai sastra utama di Indonesia, sementara sesungguhnya bukan sesuatu yang baru di lanskap sastra dunia.

Ranang Aji SP

Kegagapan dalam memahami motif dasar sastra ini, atau kecenderungan menjadi epigon saya kira mengakibatkan hilangnya kemampuan untuk menghasilkan bentuk baru yang otentik dan menarik, seperti Amerika Latin menghasilkan bentuk estetika sastra yang disebut sebagai realisme magis. Di sisi lain, tentu menyebut tiadanya kritik

sastra sebagai salah satu sebab adalah wajar. Octavio Paz, misalnya, menolak penyematan sastra Amerika Latin sebagai bagian dari sastra posmodern dan *dirty realism* yang berkembang di Amerika Serikat, karena dianggap bukan dari kebudayaan Amerika Latin. Apa yang dilakukan Octavia Paz ini tentu saja adalah upaya untuk menghasilkan sastra otentik yang merepresentasikan Amerika Latin. Beberapa faktor itu, saya kira

melengkapi apa yang disampaikan GM sebagai faktor gagalnya sastra Indonesia tampil di panggung dunia. Untuk itu, kita masih membutuhkan media yang berkomitmen untuk menampilkan karya-karya baru, sekaligus ruang kritik untuk menghasilkan pikiran-pikiran kritis yang mendorong tumbuhnya bentuk estetika dan isi sastra khas Indonesia. □

*) **Ranang Aji SP** adalah penulis sastra prosa. Tinggal di

Oase

Abdul Wachid B.S.

BANGUN TIDUR

tiap bangun dinihari
kukirim fatihah, tanda ingat pertama kali
agar kau menemaniku nanti
di saat aku berjalan ke arah sianghari

kusebut namamu berkalkali
di batas mimpi dan kenyataan
di tepi tempat tidur, menuju tidur yang lain
harap-harap cemas ini tak usai-usai

untuk pagi terindah yang disepuh matahari
bertumbuhan berjuta bunga
berlarian kijang keemasan, juga berjuta satwa
dari jendela kamarku, ini bukanlah mimpi

untuk sapa menyapa dengan bahasa
kasih sayang, hari-hari kusyukuri
untuk gerak gesit istri yang tak tua-tua
kejantanan cinta ini yang mengimbangi

maka, tiap bangun dinihari
kukirimi fatihah, tanda ingat pertama kali
agar kau mengingatku nanti
di saat aku dibangunkan, ke lain dinihari

*) **Abdul Wachid B.S.**, lahir 7 Oktober 1966 di Bluluk, Lamongan, Jawa Timur. Lulus Magister Humaniora Sastra Indonesia UGM, jadi dosen-negeri di IAIN Purwokerto, lulus Doktor Pendidikan Bahasa Indonesia di Universitas Negeri Sebelas Maret Solo. Buku terbaru karyanya: ‘Kumpulan Sajak Nun’ (2018), ‘Bunga Rampai Esai Sastra Pencerahan’ (2019), dan ‘Dimensi Profetik dalam Puisi Gus Mus, Keindahan Islam dan Keindonesiaan’ (2020). Saat ini ‘wira-wiri’ Purwokerto - Yogyakarta.

MEKAR SARI

SAWIJNING dina ing laladan alas gedhe kang aran Gelaran ana salah sawijning panggonan kang saiki kawentar saindenging bumi Nuswantara. Papan mau aran Guwa Pindul kang mapan ana ing tlatah Kabupaten Gunungkidul. Guwa Pindul minangka salah sawijning papan wisata alam awujud guwa ngisor lemah, ana ing njero bumi.

Ing sisih kidul congoping guwa mau kanyata ana panguripan kang ora nate sepi yaiku uripe kewan-kewan cilik kang aran semut blekithi. Kewan-kewan cilik mau metu saben wayah ungsum panas, saperlu golek pangan. Kulawarga semut-semut blekithi mau kanthi guyub rukun padha tandang gawe bebarengan nglumpukake pangan. Pangan-pangan mau dening semut-semut padha diusung kanthi bebarengan menyang lenge .

Sadalan-dalan para semut mau sinambi luru pangan, yen ketemu padha uluk salam yaiku kanthi anthuk-anthukan. Padha nyambut gawe bebarengan kanthi sumringah lan gumregah. Semut-semut mau yen wis entuk pangan bali digawa menyang lenge tanpa duwe rasa kesel lan nglokro.

Ing sacedhaking congopo Guwa Pindul mau uga ana gubug cilik nggone pawongan wis tuwa kang aran Mbah Blekithi. Geneya dheweke katelah Mbah Blekithi amarga saben dinane nyelakake wektune kanggo niliki leng-leng semut sing ana sakupenge gubuge. Mula tangga teparo ing kiwa tengene ngundang dheweke Mbah Blekithi. Mbah Blekithi kuwi wong wadon wis tuwa ora nduwe sanak kadang. Mula tangga teparone sing ngoponi lan menahi pangan, uga nyukupi kabutuhane Mbah Blekithi mau, kanthi gentenan lan seneng ing ati.

Semut-semut cilik mau golek pangan saka gubuge Mbah Blekithi, kang saben-saben diwenehi pangan dening masarakat sacedhake banjur nyisihake pangan kanggo semut-semut mau. Pangan seka Mbah Blekithi dening semut-semut mau padha digawa menyang lenge kanthi gotong royong .

Sawijning dina ana bocah wadon umure udakara sepuluh taunan dikongkon wong tuwane supaya ngirim panganan marang Mbah Blekithi. Wektu kuwi Mbah Blekithi lagi ngresiki leng-leng semut kang kurugan

CERKAK Meguru Uripe Semut Dening: Eni Setyowati



ILUSTRASI JOS

lemah amarga ungsum panas lan angine gedhe, nganti marakake leng-leng semut mau ketutupan lemah utawa pasir. Mula kanthi sabar Mbah Blekithi nyingkirake lemah-lemah mau kareben ora nutupi lenge semut. Supaya semut-semut cilik kuwi mau ora kelangan panggonan kanggo urip lan nyimpen pangane.

“Kula nuwun, Mbah. Kula dipunutus Bijung kapurih nyaosaken daharan menika, Mbah,” ujare bocah wadon cilik mau.

“Owalah, Ngger, matur nuwun banget ya. Tak trima kanthi senenge atiku. Muga-muga kowe lan kulawargamu tansah pinaringan bergas waras lan berkah kang luwih dening Gusti,” wangsulane Mbah Blekithi alon.

“Injih, Mbah, sami-sami. Matur nuwun, donganipun.” Bocah wadon cilik mau mangsuli karo mesem. Sabanjure bocah wadon cilik kang aran Palupi mau nyedhaki semut-semut kang isih ndlidir ing ngarep omahe Mbah Blekithi.

Sawetara wektu bocah wadon karo Mbah Blekithi kuwi ndelengake lakune semut-semut mau kanthi premati. Banjur Mbah Blekithi gemreneng marang Palupi sinambi ngematke semut-semut mau .

“Ndhuk cah ayu, iki jenenge semut blekithi, Sanadyan wujud mung cilik ananging uripe

tansah kebak pangati-ati. Tansah gemi, satiti, lan nastiti. Semut-semut blekithi iki ora nate nduweni watak kang sreji, drengki, lan gampang meri marang darbeking liyan. Semut-semut cilik iki tanpa nyawang mitra lan kadang, yen padha ketemu ing sadhengah panggonan, tansah padha aweh salam kanthi padha anthuk-anthukan. Semut-semut iki uripe tansah guyub rukun anggone kekadangan lan sesrawungan. Lan uga menawa mangsa ketiga, semut-semut blekithi iki padha golek pangan. Lan pangan mau dising-gahake utawa disimpen kanggo ngadhepi mangsa udan. Sanadyan rejeki akeh ananging semut-semut iki mau ora padha rebutan. Saka semut-semut cilik iki , awake dhewe manungsa kudu bisa nuladha uripe semut blekithi. Ben awake dhewe bisa nglakoni urip ing ngalam ndonya iki kanthi kebaking katentreman lan kabagyan. Saka uripe semut-semut cilik iki pantas ditiru, dening kita kabeh umat ing ngalam ndonya iki, Ndhuk,” pungkase Mbah Blekithi .

“Ndhuk, seka uriping semut-semut cilik kuwi awake dhewe bisa nyinau babagan-babagan kang becik kayata urip kanthi guyub rukun, nyambut gawe bebarengan, ana perkara kang abot disangga bebarengan, uripe tansah ngurmati marang wong liya ing sadhengah papan karo sapa wae padha aweh salam ora tau padha rebutan pangan, golek pangan bebarengan kanthi semangat lan gumregah, tansah gemi lan nastiti nyelengi rezeki kanggo urip sabanjure, ora nduweni watak kang sreji, drengki, lan meri. Mula Ndhuk, ayo awake dhewe dadi manungsa kang diparingi kaluwihan akal lan rasa pang-rasa tansah nuladha uripe semut-semut mau kanggo urip ing alam ndonya lan nyiyapke urip kanggo ing alam akerat mengko.” Mbah Blekithi maringi pitutur marang Palupi kanthi terwaca.

Palupi banjur nyedhaki Mbah Blekithi karo ngrangkul lan ngaturake panuwun awit wis diparingi piwulang kang becik yaiku kanthi meguru uripe semut-semut blekithi. □

Gunungkidul , 13 September 2020

MACAPATAN

Yohanes Siyamta

AMBAL WARSA KAPING 75 ‘KR (Sinom)

Sesasi sepuluh dina, bakda mardikaning nagri, pitulikur tanggalira, pinuju September sasi, pat puluh lima warsi, wiwitan kababaripun, Kedaulatan Rakyat, wujud koran ariwarti, saben dina tan kendhat nyebar pawarta.

Samenika ambal warsa, pitung dasa gangsal warsi, tetep terus awawarta, nyebaraken informasi, pepak mentes lan isi, tegas cerdas tuwin jujur, objektif tan memihak, independen lan mandiri, anuhoni slogan lan semboyanira.

Suwara nurani rakyat, slogan nggenya awawarti, migunani tumrapping liyan, dadya dayaning pangabdi, munjuk syukur lan puji, muga K-R panjang umur, ngrebda tuwin ngrembaka, binerkahan dening Gusti, tambah yuswa ditanah manggih raharja. Bedog, wiwitaning September 2020

NGATURI priksa, geguritan asesirah ‘Pasien’ lan ‘Dalan Gedhe’ ana **Mekar Sari**, Jumat-11 September 2020, ora katulis nama pangriptane. Sing bener geguritan kasebut anggitaned sedulur **Maria M Bhoernomo**. Redaksi nyuwun agung-ing pangaksami awit kurang titi. Matur nuwun.

KAGEM para kadang sing kagungan naskah cerita cekak (cerkak), geguritan, utawa macapat, bisa kakirim ing Redaksi SKH *Kedaulatan Rakyat*, Jalan Margo Utomo 40-42, Yogyakarta 55232, utawa lumantar email mekarsari.kr@gmail.com. Mligi cerkak dawane paling akeh 6.000 karakter klebu spasi. Menawa seratane magepokan karo bab utawa dina mirunggan diajab bisa kakirim udakara sewulan sadurunge. Matur nuwun.

(Redaksi)